



Pou Piblikasyon Imedya: 24/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO EKSPOZISYON, "HARLEM ROOTS" LA,  
PRAL EKSPOZE KOLEKSYON ATISTIK HARLEM ETA NEW YORK LA POU  
PREMYE FWA DEPI PLIS PASE 20 TAN**

***Yo te Restore Koleksyon Atistik Harlem lan Apre Dega Dlo yo epi yo te Mete yo  
Prè pou Ekspozisyon Piblik***

***Ekspozisyon Gratis la ap Ouvri pou Piblik Kòmanse Apati 15 Novanm***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon nouvo ekspozisyon, "Harlem Roots" (Rasin Harlem yo), ki pral ouvri nan fen mwa sa a nan Blding Administratif Eta Adam Clayton Powell, Jr. la, sa k ap make retou Koleksyon Atistik Harlem Eta New York la (New York State Harlem Art Collection) pou ekspozisyon piblik pou lapremyè fwa depi mitan ane 1990 yo. Ekspozisyon an ap ekspoze kèk zèv yo chwazi nan yon koleksyon deseri atis ki te fè anpil kontribisyon konsiderab nan kominote yo ak nan mond atistik la an jeneral te kreye. Atis sa yo te ede elve sa yo te konn rele "atizay kominotè a" vin sa nou konsidere kounye a kòm kèk nan pi boza Ameriken pandan 20yèm syèk la ke atis ki prensipalman nwa ak laten ki t ap travay nan Vil New York yo te kreye. W ap jwenn plis enfòmasyon sou ekspozisyon an [isit la](#).

"An rekonesans Harlem pou istwa kiltirèl rich ak enfluyans atis yo ak zèv atistik yo genyen nan kominote dinamik sa a, Eta New York byen kontan pou n remete Koleksyon Atistik Harlem lan nan espas piblik kote l dwe ye nan Blding Administratif Eta Adam Clayton Powell, Jr. la", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Ekspozisyon sa a ap selebre atis ke zèv yo te ede elve New York vin yon flanbo pou mond atistik la epi li pral sèvi kòm yon omaj pou kontribisyon enkwayab yo te fè pou kominote atistik la an jeneral."

"Nou fyè de kilti rich ak divèsite nou nan New York, epi nouvo ekspozisyon sa a pral mete aksan sou bèl travay atis Nwa ak Latèn 20yèm syèk yo te pwodui", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Zèv atistik 'Harlem Roots' yo pral selebre pwèn fò kominote nou an epi pwomouvwa enklizyon pami tout Nouyòkè. Mwen ankouraje rezidan ak vizitè yo pou y al vizite ekspozisyon an epi wè l ak pwòp je yo nan Blding Administratif Eta Adam Clayton Powell, Jr. la nan Vil New York."

Y ap devwale ekspozisyon "Harlem Roots" la nan yon resepsyon vènisaj k ap ouvè pou piblik la 30 Oktòb nan Galri Atistik ak Sal Kominotè ki nan dezyèm etaj Blding Powell la. Kòmanse 15 Novanm, ekspozisyon gratis la pral ouvè pou piblik soti midi rive 7 p.m. chak Vandredi. Blding lan chita nan 163 West 125th Street.

Yo te konsevwa Koleksyon Atistik Harlem Eta New York la an 1976 pou atire atansyon popilasyon an sou zèv atistik ki te selebre kontribisyon kominote atistik Harlem lan. H. Carl McCall, ki te yon Senatè lè sa a, te tabli Komite sou Zèv Atistik ak Kilti (Committee

on Arts and Culture) Blding Administratif Eta Harlem lan an 1975, ki te gen ladan lidè Eta ak lidè Vil la yo, ansanm ak reprezantan kominote komèsyal Harlem lan.

Baze sou rekòmandasyon komite a, Eta a te rasanble yon koleksyon ki gen plis pase 100 zèv atistik, ki gen ladan penti, eskilti, foto, gravi, ak atizay medyatik miks, ke 65 atis te pwodui. Yo konsidere plizyè nan atis sa yo kounye a kòm pi gran kontribitè nan istwa zèv atistik Ameriken epi yo ka jwenn zèv sa yo nan Mize Atizay Modèn lan (Museum of Modern Art, MoMA), Mize Atizay Ameriken Whitney a (Whitney Museum of American Art), Estidyo Mize nan Harlem lan (Studio Museum in Harlem), Mize Nasyonal Istwa ak Kilti Afwo-Ameriken an (National Museum of African American History & Culture), Tate Modern ak nan deseri lòt gran ekspozisyon onivo nasyonal ak entènasyonal.

Ekspozisyon "Harlem Roots" la ekspoze zèv atistik ki nan koleksyon an tankou zèv atis Jacob Lawrence, Roy DeCarava, Palmer Hayden ak Elizabeth Catlett. Piblik la ka prevwa wè zèv adisyonèl tankou zèv *Lamont on the Case* pent Barkley Hendricks la, nan ekspozisyon alavni yo, ki pral ekspoze atizay ki nan koleksyon an yo sou yon baz renouvlab pandan ane k ap vini la.

### **Istwa Koleksyon an**

An 1977, Komite sou Zèv Atistik ak Kilti Blding Administratif Eta Harlem lan te òganize yon seremoni pou yo anonse zèv atistik yo te chwazi pou mete nan Koleksyon Atistik Harlem lan. Ane apre a, yon ekspozisyon, "Seleksyon ki soti nan Blding Administratif Eta Harlem lan" (Selections from the Harlem State Office Building) te ouvri epi li te gen ladan plizyè zèv atistik yo te fenk achte, pami yo zèv *Masquerade* Jacob Lawrence lan.

Pandan peryòd ane 1980 yo, yo te ekspoze zèv atistik ki nan koleksyon an regilyèman, kote yo te altène avèk ekspozisyon espesyal nan blding lan, ke yo te chanje non l vin "Blding Administratif Eta Adam Clayton Powell, Jr." la an 1983.

Nan mitan peryòd ane 1990 yo, yo te demenaje pifò koleksyon an al mete nan yon depo ki nan sousòl blding lan pou kreye espas pou ekspoze zèv atis kontanporen lokal yo ak atis etidyan yo nan kominote a.

Plizyè zèv atistik nan Koleksyon Atistik Harlem lan te sibi dega dlo yo te lakoz an 2006, lè konduit dlo yo te kase epi yo te inonde sousòl la. Yo te retire koleksyon an al mete l nan depo ki nan 13yèm etaj blding lan kote l te rete nan move kondisyon epi kache pou piblik pa wè l pandan senkan.

Yo te redekouvri koleksyon an pandan yo t ap planifye pou yo fè renovasyon nan 13yèm etaj la, epi yo te tanporèman demenaje zèv atistik yo al mete yo Albany an 2012 pou yo evalye kondisyon zèv atistik yo. Yo te voye zèv endividyèl ki te mande atansyon espesyal yo pou yo fè reparasyon, netwayaj, ak restorasyon konsèvasyon ladan yo.

Pandan y ap kontinye konsèvasyon koleksyon an 2019, y ap pote zèv yo tounen nan Blding Powell la pou ekspozisyon "Harlem Roots" la ak lòt ekspozisyon ankò alavni.

**Komisè Biwo Sèvis Jeneral la (Office of General Services), RoAnn Destito te deklare,** "Gouvènè Cuomo te mete kòm priyorite pou fè ajans Eta a yo itilize espas

piblik yo nan meyè fason posib, epi renovasyon nou te fè resaman nan Galri Atistik ak Sal Kominotè Harlem Eta New York ki nan Blding Administratif Eta Adam Clayton Powell, Jr. la, yon lòt fwa ankò, te ban nou yon espas mèveye pou mete koleksyon atistik enpòtan sa a disponib pou antouzyas zèv atistik ak istwa yo ka wè l. Ekspozisyon 'Harlem Roots' la se premye nan plizyè ekspozisyon ki pral ekspoze zèv atistik ki fè pati koleksyon an sou yon baz renouvlab pandan ane k ap vini la".

**Senatè Robert Jackson te deklare**, "Mwen vrèman kontan paske y ap ekspoze zèv atistik sa yo ankò pou piblik la. Yo pa sèlman kontribisyon pou atizay Nwa; zèv atis sa yo te jwe yon wòl makan nan tout mond atistik la nan Etazini ak pi lwen toujou. Inovasyon y ap selebre kounye a nan estil ak sijè soti nan eksperyans yo kòm moun Nwa nan New York, men yo adrese nou tout. Kounye a y ap retounen mete yo nan ekspozisyon Blding Administratif Eta Adam Clayton Powell, Jr. la kote tout Nouyòkè, kèlkeswa koulè yo, ka pwofite selebre grandè yo nan yon espas piblik".

**Senatè Brian A. Benjamin te deklare**, "Harlem toujou rete yon sant pou zèv atistik ak atis yo, epi mwen kontan ke bilding administratif kote elektè yo konn vin vizite m ak kòlèg mwen yo ki chita nan 125th Street la pral gen ladan zèv kèk nan meyè espri kreyatif Harlem yo te kreye. Se te youn nan ansyen fonksyonè ki te okipe fonksyon m okipe jodi a, Carl McCall, ki te tabli Komite sou Zèv Atistik ak Kilti Blding Administratif Eta Harlem lan, ki te ede rasanble koleksyon an. Mwen fyè pou m sèvi nan syèj li a nan moman retou koleksyon an".

**Manm Asanble Inez E. Dickes te deklare**, "An 1975, ansyen Senatè Eta a, Carl McCall, te tabli Komite sou Zèv Atistik ak Kilti Blding Administratif Eta Harlem lan pou selebre enpòtans siyifikativ ak istorik yon kominote ak pèp li ki, ofilditan, te devwe anpil pou Gran Eta New York la. Jodi a, biwo Eta Harlem lan fyè pou n akeyi dedikasyon ekspozisyon 'Harlem Roots' la. Zèv mayifik sa yo te deseri zèv ekspresiv atis yo ki prensipalman baze nan Kominote Harlem lan te kreye. Ann mete ansanm pou n konprann ki sa atizan sa yo te pataje gras a je yo ki byen louvri konsyaman".

**Manm Asanble Al Taylor te deklare**, "Atizay ak kilti se eleman vital nan istwa ak idantite Harlem. Mwen kontan anpil paske moun Harlem, Vil New York, ak piblik la an jeneral, pral gen opòtinite yon lòt fwa ankò pou yo wè ak entèraji ak koleksyon atistik mayifik sa a gratis nan Blding Administratif Eta Adam Clayton Powell, Jr. la. Apre plis pas 20 tan absans, retou lakay sa a espesyalman atan pandan n ap selebre 100yèm anivèsè Renesans Harlem lan ak plis pase yon syèk ekselans atistik novatè nan kominote nou an".

**Manm Asanble Robert J. Rodriguez te deklare**, "Zèv atistik yo transmèt epi yo kanpe tan nan mond kote yo te kreye yo a. Pou Harlem, yo te ekspri ke enpòtans kiltirèl ak politik rich li genyen an te kontribiye nan New York ak nan peyi a atravè zèv atistik yo. Kounye a, yo fin restore yo, menm zèv sa yo te pote lajwa pou kontanporen li yo ka yon lòt fwa ankò anrichi lavi nou jodi a. Mwen rekonesan, epi mwen paka tann pou ekspozisyon piblik Harlem Roots la".

**Connie H. Choi, Konsèvatè Asosye, The Studio Museum in Harlem, te deklare**, "Nou kontan anpil paske zèv ki soti nan Koleksyon Atistik Harlem Eta New York la yo ap retounen ekspoze pou piblik la wè yo nan Blding Administratif Eta Adam Clayton

Powell, Jr. la. Koleksyon an genyen zèv kèk nan atis ki te pi enpòtan nan ventyèm syèk la yo te kreye, epi se byen mèveye paske y ap aksesib pou piblik la wè yo yon lòt fwa ankò".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)